

# De Tip Tès COVID-19



## Tès PCR

## Tès Rapid ou ka fe Lakay (Antijèn)

**Ki kote ou ka fè Tès la?**

Nan sant sante, klinik, Lekol, Famasi, elatriye.

Lakay oubyen nempòt kote.

**Kijan Li kolekte?**

Avek prelèvman nan nen oubyen gòj ou.

Avek prelèvman nan nen.

**Kijan m ka jwenn rezilta a?**

Genyen yon moun kap voye rezilta a nan yon fason sekirise swa pa telefon oubyen email.

Suiv enstriksyon nan tès ou ka fe lakay pou jwenn rezilta.

**Kombien Tan rezilta pran pou bay?**

Nan 1 a 3 jou.

15 a 30 minit.

**Avatanj**

- Tès PCR gratis
- Li plis egzat pou detekte COVID-19.

- Tès lakay pou lakay grstis.
- Si rezilta sòti pozitif, Tès la egzat.
- Li pi vit ou ka fèl nempot kote.

**Limitasyon**

- Li pran plis tan epi plis travay pou jwenn tès PCR la.
- Ou ka Teste pozitif men si ou pa ka bay lot moun li.

- Li ka bay rezilta negatif men si ou gen COVI-19
- Ou ka bezwen pou teste nan 1a 2 jou aprè.

# Ki Sa Ou Dwe Fè Aprè Ou Fin Fè Tès Covid-19 Lakay La

## Si'w Teste Pozitif

- Rete lakay ou, epi elwaye ou de lot moun ret lakay ou pou 5 jou.
- Mete yon mask ki kouvri nen eou bouch pou 10 jou lè ou ansanm ak lot moun.
- Fè lòt moun ki te an kontak ak ou konnen, key ou te ansanm ak moun ki gen Covid-19 epi sijere yo pou yo ale teste nan 5 jour aprè ou te fin an kontak la, si ou te rete prè pou 15 minit nan dènye 24 è.
- Fè doktè ou konnen ou teste pozitif epi rete an kontak ak li.
- Ou ka sòti lakay ou aprè 5 jou komplè le ou santi ou pa gen okenn sentom (fè mie).



## Si Ou Teste Negatif

- Si'w pa gen okenn sentom (Tous, fièv elatriye) li probab ou pa gen COVI-19. Mensi sa se pou kontinye veye lot sentom.
- Si'w genyen sentom, rete lakay, epi elwaye ou de lòt moun lakay ou pou 1 a 2 jou epi fè tès la ankò.
- Si'w genyen yon dezièm rezilta tès negative epi ou fè mie san sentom ou sòti deyò lakay ou.



Eske ou se yon travayè agrikòl nan Lèzetazini epi ou gen kesyon sou tès Oubyen ou bezwen referans doktè. Rele nan liy sante sa gratis:  
1 (800) 377-9968 oubyen WhatsApp nan +1 (737) 414-5121 